Ненан меттан денна лерина урок

# «САН МОТТ - САН ДОЗАЛЛА»

6-чу классехь

Хьехархо: Висханова Т. И.

# «Ларбе мотт, хазбе и, ца еш цкъа мало!»

Iалашо: Вайн мотт уггаре а исбаьхьчу, хазачу меттанех цхаъ хилар довзийтар, вайн а кхечу къаьмнийн а яздархоша а, Iилманчаша а нохчийн меттан хадийна мах, бовзийтар; дешархойн дегнаш чу шайн ненан матте бовха безам кхоллар.

Хьехархочун дош.

-Де дика дойла шун массеран!

25-гIа апрель, вайна ма-хаъара, нохчийн меттан деза де лерина ду. Цуьнца доьзна ду дуккха а цхьаьнакхетарш а, гайтаран урокаш а, къийсадаларш а. Таханлера вайн цхьаьнакхетар а нохчийн маттана лерина ду. Кхузахь вай юха а довзуьйтур ду, нохчийн мотт хаза а, оьзда а хьалдолуш а хилар. Иштта довзуьйтур ду вешан мотт вайна безар, даима цуьнан сий дарца вай даха дезаш хилар.

X1инца вай дош лур ду вайн школерчу дешархошна.

1-вед:

Оха х1инца д1ададолор ду нохчийн маттана лерина «Ларбе мотт, хазбе и, ца еш цкъа мало» ц1е йолу цхьаьнакхетар.

2-вед:

Муьлххачу къомана беза шен мотт. Оцу маттахь йоккху кога доьдучу беро ненан ц1е, оцу маттахь хеза цунна дешнаш: Даймохк, Ирс, Машар. Нохчийн мотт - иза сан къоман мотт бу.

Лаа аьлла дац дешнаш: «Мотт бу - къам ду, мотт бац - къам дац».

Бийца атта а, хьал долуш а бу нохчийн мотт. Эзарнаш шо хьалха кхоьллина бу иза. Цунах лаьцна яздина 1илманчаша. Петар Карлович

ДЕ ДИКА ХУЬЛДА МАССЕРАН! ТАХАНА ВАЙН ЦХЬАНАКХЕТАР ЛЕРИНА ДУ 25-ГІА АПРЕЛЬ НОХЧИЙН МЕТТАН ДЕЗДЕ БИЛГАЛДАККХАРНА., ВАЙН НОХЧИЙН МЕТТАН СИЙ ДЕШ, ЦУЬНАН ХАЗАЛЛА ЮЬЙЦУШ ДЕШНАШ ЭРДУ ВАЙН ШКОЛАН ХЬЕХАРХОША А, ДЕШАРХОША А.

ВАЙН ЦХЬАНА КХЕТАР ЛЕРИНА ДУ УГГАРЕ ВАЙН ДУЬНЕНА Т1ЕХЬ ШЕН ОЬЗДАНГАЛЛИЦА, Г1ИЛЛАКХЕ, К1ЕДА, МЕРЗА ХИЛАРЦА, Ц1Е ЯХАНА БОЛЧУ ВАЙН НЕНАН МАТТАХ ЛАЬЦНА.

ВАЙН ЦХЬАНАКХЕТАР Д1АДОЛОШ ДОШ ЛУР ВАЙН ШКОЛАН ДИРЕКТОРЕ МАГОМАДОВ Б.Б.

НЕНАН МОТТ.
ДОККХАЧУ ЛАЬТТА Т1ЕХЬ
ХАЗАЛЛА ЛОЬХУШ,
САДА1АР ДИЦДИНА
ЕТТАРХ А ЙОРТ.
ХЬЕГАРАН ХЬУ ЕЛЛА
ХИЛЛЕРА Ц1ИЙХ БОЬЛЛА
САН НЕНАН МОТТ.

Х1ОРА А КЪОМАН СИНХЬОЛАН ХАЗНАШКАХЬ УГГАРЕ А ХЬОМЕЧАРЕХ ЛОРУ ХАЛКЪАН МОТТ. МОТТ КЪОМАН СА, ХАЛКЪАН ИЛЛИ, АДАМАЛЛИН КУЬЗГА ДУ, ДЕГАН НАЗМА Ю. НЕНАН МАТТАЛ СИЙЛАХЬ Х1УММА А ДАЦ. МОТТ МАССО А Х1УМАНАН А БУХ БУ.

Х1ИНЦА ДОШ ЛУР ДУ НОХЧИЙН МЕТТАН ХЬЕХАРХОЧУЬНГА ДАМАЕВА Л.Б.

ЦУЬНЦА ДОЬЗНА ДУ ХАЛКЪАН ДЕРРИГЕ А 1ЕР-ДАХАР, Г1ИЛЛАКХАШ, ЛАМАСТАШ. ЛАА ОЛУШ ДАЦ: «МОТТ БУ – КЪАМ ДУ, МОТТ БАЦ – КЪАМ ДАЦ».

ЙИСТ ЙОЦУ Х1ОРД САННА
БУ ХЬУНА ШОРТТА.
ША ХУУШ ВОЛЧУННА
ВАЙН НОХЧИЙН МОТТ.

ВАЙН МАТТАХ ЛАЬЦНА ГОВЗА АЬЛЛА ШАЙХИ АРСАНУКАЕВС, А. СУЛЕЙМАНОВС, А. АЙДАМИРОВС, ИШТТА КХЕЧАРА А.

АКХА ЯР САННА, И ЦА БАЬЛЛА БАЦАЛАХЬ
БАЦ СТИГЛАРА БОЬЖНА, ЭЦНА БАЦ БАЗАРАХЬ.
ЦХЬАНГЕРИ ЮХАЛУРГ БАЬККХИНА БАЦАРЕ.
КХОЬЛЛИНА ХИЛЛА И ВАЙН ДАЙША АЗАЛЛЕХЬ,
АС ЛОРУ ДУЬНЕН Т1ЕХЬ МЕЛ ДОЛУ МЕТТАНАШ
НОХЧИЙН МОТТ ГУТТАР А, САН ОЬЗДА ДОЗАЛЛА.

# «Мотт»

Мамакаев М.

Со хестош векаш ву илланча,
Сан азца дуцуш шен говза дош.
Къийсамехь гур буг1у векалш а
Базаршкахь сийсаз а аш со во.

Ас харцлуьйш, шух цхьа а бех ца во
Мерза аз назманче д1аделла
Некъ сирла шун бина бог1у со
Дахар а сайн дагца ас дегна .

Сох тешна кхуараваьлла хьо
Вуьсур ву некъ хьоьхуш д1о генна
Г1о дир ас ч1аг1дан гергарло
Хьаьнцца а и ваг1ахь догц1ена.

Сан лепарш ахь ларахь, назманча
Ас лур бу ницкъ стигла вакха хьо.

Ц1а1ев

Нохчийн поэто Кибиев Мусбека боху, шен стихотворени т1ехь « Меттан сий» дас- нанас чохь нохчийн мотт бийцахь, бер г1иллакхе, оьзда кхуьу.

«Г1иллакхан новкъа бер долу
Нохчийн мотт буьйцуш ша даккхахь…»

Амма кхетам к1еззиг болчу адамийн ницкъ ца кхочу цуьнан мах хадо. Цара 1амо а, бийца а хала хиларна т1етоьтту шайн ледарло. Иза дика гайтина Арсанукаев Шайхис шен стихотворенехь « Ненан мотт.»

«Доьзалехь бийцар а дастам а хеташ
Хьуо винчу ненан мотт д1атесна ахь
«Сов къен бу дешнашна, бац атта кхеташ»-
Бохуш и сийсазбан ца хета эхь.
Йист йоцу х1орд санна, бу хьуна шортта
Ша хууш волчунна вайн нохчийн мотт.»

Иштта нохчийн маттах лаьцна яздо тахана а вайн юкъахь вехаш волчу Цуруев Шарипа:

« Вайн аьхь-бехк, вайн сийлахь г1иллакхаш
Вайн яхь а, вайн оьзда мотт а
Ларбелахь, ларлур ма хилла-кха
Вайн синош, вайн нохчийн мохк а…
1алашдан вайн нохчийн г1иллакхаш
1алашбан вайн нохчийн мотт…»

Нохчийн маттах лаьцна яздина хаза дешнаш Рашидов Шах1ида:

«Ваха а ца оьшу д1ахаьдча цунах,
Бицбина вехаш верг ю еса ботт
И санна карор бац мел лахарх хьуна
Даймехкан дозалла сан ненан мотт.»

Иштта хестийна вайн къоман поэташа нохчийн мотт. Цара дозалла дина и хаза а, ц1ена а буьйцучарех. И стихаш ешча, вайн и доггах 1амон дог дог1у. Цара кхойкху вайга нохчийн мотт дика 1амон, ларбан, хазбан.
Сайн сочинени чекхйоккхуш, суна яздан лаьа Арсанукаев Шайхин «Ларбе мотт» стихотворенин дешнаш.

« Ларбе мотт, хазбе и, ца еш цкъа мало
Т1аккха хьайн весет деш к1анте д1ало.»

Кхидолчу къаьмнашна шайниг а санна
Нохчаша шайн ненан мотт хьоме бу
Нагахь хьо ца ваг1ахь хьайн халкъацанна
Хаалахь, декъазниг, хьо цхьалха ву!

## ЛАРБЕ МОТТ

Хазнашлахь хазна ю ненан мотт къоман
Ненан мотт мел беха къам дуьсу даха
Ткъа нагахь мотт шен лахь къам лей д1адолу
Ненан мотт бицбинарг сийсазво наха.

Нохчийн мотт и халкъан синхазнийн хьоста
Къийсамехь ларбина массо а хана
Раг1 х1инца хьоьгахь ю, д1аэций хьаста
Ден весет кхочушде, къонахчо санна.

Ларбе мотт, хазбе и, ца еш цкъа мало
Т1аккха хьайн весет деш к1анте д1ало.

1 Ведущий:
Тахана а вайна юкъахь вехаш волчу, массарна вевзаш волчу Цуруев Шаринан поэзехь билгало йолу нохчийн меттан тема. Иза дешна а, ваьхна ву Герзелан юьртахь Гудермесски районехь. Тахана болх беш ву коьрта редактор «Хьехархо» газетан. Цуьнан стихаш иллеш хийла декa Нохчийчохь.

## НОХЧИЙН МОТТ

Акха яр санна и, ца баьлла бацалахь
Боьжна бац стиглара, эцна бац базарахь
Цхьанггера юхалург баьккхина бацара –
Кхоьллина хилла и вайн дайша озаллехь.

Ас лору дуьненчохь мел долу меттанаш
Нохчийн мотт - гуттар а сан оьзда дозалла
1ожаллин цамгаро д1альцна меттахь 1аш
Цу меттахь дийр ду ас весет а доьзале.

Цу маттахь ненас со дуьххьара хьаьстина
Цу маттахь некъан дош дадас а кхайкхина
Цу матто – уггаре гергарчу сан сина-

Декара дог хьоьстуш, довха
Сан нохчийн маттара илли.

Сарахь цо туьйранаш дуьйцуш
Со цунах хьерчара кхоьруш
Я халкъан илли цо олуш
Д1атуьйра набаро хьоьстуш

Шаьш хьегна баланаш белхош
Вайн халкъан турпалхой хестош
Дайн дайша даьхна и иллеш
Декара дог 1ийжош, доруш.

Хьоьца шайн дог-ойла г1иттош
Ловш 1ийна уьш буьрса деноош.

Хьоьца ду сунна мел дезнарг
Вина мохк, нанас сан хьестар
Хьоьца ду сан велар, велхар
Дахаре сан болу безам.

Бекалахь ненан мотт, тахна
Дуьнене, машаре кхойкхуш
Лаьтта т1ехь Къинхетам, Нийсо,
Вошалла, Ирс, Машар кхайкхош.

1. Ведущий:

1. Дукха ю нохчийн литературехь ненан маттах лаьцна язйина байташ. Дукха ду дуьненахь меттанаш. Царна юкъахь хьалдолуш хиларца шен меттиг д1алоцуш бу вайн нохчийн мотт а. Кхечу къоман мотт хаар ч1ог1а пайдехь ду, иза а доккха хьекъал ду. Амма шен мотт д1а а тесна 1амабе аьлла дац иза.

Ненан мотт ца безачунна шен къам а, мохк а безар бац. Цуьнан сий ца лардечо, ненан сий а лардийр дац. Цунах лаьцна ч1ог1а дика аьлла нохчийн поэто Саидов Билала

НЕНАН МОТТ

Хьох лаьцна яздина, дийца а дийцина
«Хьайна безахь» - бохуш, хьеха а хьо бина
Хьехорах пайда буй, хьо хууш ца хилча?
Хьо бийца хуур дуй, хьо безаш ца хилча?

Хьо безаш волчунна пондаран аз ду хьо,
Хьайца уьйр йоцчунна гихь беза мохь бу хьо.
Хьо хууш волчунна жовх1арийн х1онц ю хьо,
Хьайца шовкъ йолчуннае чам тайна стом бу хьо.

Хьо ца безаш волчо шен нана лорур яц
Ненан сий ца дечо мехкан сий лардийр дац.
Ненан мотт ца хаар шен кхерч ца ларар ду
Кхерчан да ца хилар, маьттаза вахар ду.

Хьо бийца 1емар вац, дагна хьо ца безарг
Юьхьк1айн а лелар вац хьо бийца ца хуург
Нехан говра хиьна вон бере шех хилча
Кхардамехь вехар ву хьо хийра леринарг.

Хьайн хазнех кхиъначун вахарехь ирс ду хьо,
Хьайх хераваьллачун д1атесна некъ бу хьо,
Ойла хьайца ечун бух боцу х1орд бу хьо
Кхин толош волчунна сов баьлла г1ирс бу хьо.

Хьайн ненан мотт хаахь, дозалла ас до хьох
Даггара и безахь ас хастам бо хьуна
Цунах ма херлолахь, доттаг1а варийлахь
Ненан мотт хьайн бацахь, байлахь вуй хаалахь.

Услара аьлла нохчийн маттах лаьцна: «Нохчийн мотт ч1ог1а къен хилар даржош берш, цунах цхьа а кепара кхеташ боцу нах бу. Мелхо и мотт шеен г1оьнца адаман ойланан уггаре а к1орггера аг1онаш а йийцалур йолуш, ч1ог1а хьалдолуш бу.»

1-вед:

Нохчийчохь заьхначу оьрсийн яздархочо Л.Н.Толстойс аьлла: «Нохчийн мотт уггаре а хазачу а, хьалдолчу а меттанех цхьаъ бу, нагахь кхоччуш дика хууш хьо велахь.»

Яздархочо К. Паустовскийс 1аламат хьекъале а, нийса а аьлла ненан матах лаьцна ша яздина башха дешнаш: «Шен мехке болу безам, шен матте бацахь, маь1на долуш бац! Мотт вай 1ама а бо, дахаран т1аьххара денош т1екхаччалц саццаза 1амо декхар а ду.»

2-вед:

Вайн нохчийн мотт ца хестийна г1араваьллачу нохчийн яздархочо Айдамиров Абузара шен стихотворении т1ехь «Ненан мотт»? Цо дуьйцура Кавказан ломахь кхиар, аганан илли дог хьоьстуш шена нохчийн маттахь декарх лаьцна. Цо язйина нохчийн маттахь исторически роман «Еха буьйсанаш». Цо гайтина нохчийн 1ер-дахар, яхь, оьздангалла. Айдамиров Абузара диц цадора ша лаьмнех схьавалар, шен нохчийн мотт безар, ша Нохчийчоьнан во1 хилар. Х1инца ладуг1ур ду вай цуьнан стихотворенега:

## НЕНАН МОТТ

Со вина Кавказан ломахь
Къоьжачу баххьашна юккъехь
Аьрзунийн баннашна лулахь
Нанас со кхиийна берахь.

Цигахь со набарна товжаш
Цо олу аганан илли
Цу иллийн дешнашца гора
Даймехкан исбаьхьа суьрташ

Маршоне, Даймахке безам
Вайн дайша къийсамехь гайтар.

Ненан мотт хьуна т1е тийжаш
Хьоьца шеен баланаш балхош

Хьешашка – оьзда
Доттаг1чуьнга – мерза
Мостаг1чуьнга – буьрса
Захалонна – хаза
Масла1атана – к1еда
Берашка – хала.

Амма кхетам к1еззиг болчу адамийн ницкъ ца кхочу цуьнан мах хадо. Цара 1амо а, бийца а хала хиларна т1етоьтту шайн ледарло.

Ладог1а цу тайпачу нахана йог1уш йолчу Ш. Арсанукаевн «Ненан мотт» стихотворенига.

## НЕНАН МОТТ

Доьзалехь бийцар а дастам а хеташ
Хьуо винчу ненан мотт д1атесна ахь
«Сов къен бу дешнашца, бац атта кхеташ»-
Бохуш, и сийсазбан ца хета эхь.

Ладог1а цкъа соьга, хьекъале корта
Ладог1а, яккхий д1а лергара потт
Йист йоцу х1орд санна, бу хьуна шортта
Ша хууш волчунна вайн нохчийн мотт.

Г1иллакхе, оьзда бу доттаг1че буьйцуш
Мостаг1че вистхуьлуш ду ира герз
Хьомечу езаре безам ахь буьйцуш
Бека и шех хуьлий хьан деган мерз.

Мерза бу, моз санна, ша безачунна
Ламанан шовданал ц1ена бу и,
Лермонтовс, Толстойс а ладег1на цуьнга
Услара даггара хестийна и.

Б1ешераш хийла а ихна и бекаш
Хьацарлахь, къийсамехь кхиъна и бу
Кхоьллинчу халкъана хьанала бецаш
Даима ша хилла нохчийн мотт бу.

Вайн халкъан ойланаш, дахар а г1ийла
Далхадеш къийсамна г1иттийна цо
Нохчочун майралла, оьздалла хийла
Зевнечу иллешкахь екийна цо.